



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 23/8/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE \$6 MILYON NAN FINANSMAN AMERICORPS

Sibvansyon an pral sipòte pwogram kominotè ki fèt pou 18 òganizasyon non-pwofi toupatou nan Eta New York

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke Eta New York te resevwa plis pase \$6 milyon nan finansman konpetitif AmeriCorps pou sipòte 18 òganizasyon non-pwofi yo kap pwomote sante ak edikasyon timoun, travay pou redwi povrete epi elaji opòtinite ekonomik nan kominote yo. Finansman sa te atribye atravè federal Corporation for National and Community Service e li fè pati de inisyativ \$14 milyon dola Gouvènè a [te anonse](#) nan kòmansman ete a.

“Elimine povrete nan Eta New York se yon priyorite, e lè nou investi nan inisyativ kap kreye opòtinite pou kwasans ekonomik, nap avanse pwogresivman pi pre pou nou reyalize objektif sa,” **te deklare Gouvènè Cuomo**. “Finansman sa pral ranfòse enpak ajans sa yo sou kominote ke yo sèvi yo e li pral ede nan transfòme lavi Nouyòkè yo nan eta.”

Li te resevwa prim grasa yon pwosesis Demann pou Pwopozisyon, finansman an pral pèmèt 18 òganizasyon non-pwofi yo pou enpleman oswa kontinye pwogram ki fèt pou konbat povrete epi redwi inegalite atravè yon seri mwayen ki te pwomote nan Ajanda Gouvènè Cuomo a sou Sitiyasyon Eta. Sa a gen ladan travay pou amelyore akonplisman akademik, elaji aksè a sèvis swen sante epi restore espas anviwonmantal iben.

Klike [la](#) pou wè ajans yo kap resevwa finansman ansanm avèk deskripsyon pwogram yo. Komisyon Eta New York sou Sèvis Nasyonal & Sèvis Kominotè (New York State Commission on National & Community Service) – Nouyòkè Volontè yo pral administre lajan.

Linda Cohen, Direktè Egzekitif Komisyon Eta New York sou Sèvis Nasyonal & Sèvis Kominotè te deklare, “Komisyon an kontan pou l wè plis Nouyòkè ap jwenn yon fason nan pwogrè ekonomik ak edikasyon. Manm AmeriCorps yo ap fè bon travay epi yap fè yon diferans enpòtan nan eta nou an.”

Depite Louise Slaughter te deklare, “Mwen kontan pou m wè finansman sa prale nan Rochester pou bay plis etidyan ansanm avèk travayè yo zouti yo bezwen pou reyisi nan ekonomi 21yèm syèk la. Investisman yo nan edikasyon patikilyèman enpòtan kòm yon

bon edikasyon ap ede asire ke tout moun benefisye de yon ekonomi kap grandi. Mwem pral kontinye travay pou bay enstitisyon lokal yo tankou Kolèj Kominotè Monroe ansham avèk Lig Iben Rochester resous nesèsè yo bezwen pou ede mete plis moun sou chemen sikse.”

Depite Nydia M. Velázquez te deklare, “Óganizasyon lokal sa yo ap ranfòse kominote nou yo nan elaji opòtinite ekonomik ak pi byen reponn a bezwen sèvis sante ak sosyal kèk nan vwazen nou yo ki pi vilnerab. Mwen kontan pou m wè resous anplis ki te atribye a gwoup sa yo, patikilyèman ajans yo tankou Yeshiva Kehilath Yaakov, Cypress Hills Local Development Corporation ak Grand Street Settlement.”

Enfòmasyon sou Komisyon Eta New York la sou Sèvis Nasyonal ak Kominotè
Komisyon Eta New York sou Sèvis Nasyonal ak Kominotè -- Volontè Nouyòkè yo ap chèche pou amelyore lavi, ranfòse kominote yo, ak favorize angajman sivik atravè sèvis ak volontarya nan Eta New York. Se ak yon Dekrè Egzekitif Gouvènè a te kreye l nan lane 1994, epi l ap jere pwogram ki gen bourad lajan National Community Service Trust Act of 1993, san bliye pwogram AmeriCorps State ak Pwogram Bous Edikasyon AmeriCorps. Pou w jwenn plis enfòmasyon, vizite newyorkersvolunteer.ny.gov, [Facebook](#), ak Twitter [@NYersVolunteer](https://twitter.com/NYersVolunteer).

Enfòmasyon sou AmeriCorps

AmeriCorps administre pa Kòporayson pou Sèvis nasyonal ak Kominotè, yon ajans federal ki angaje plis pase senk milyon Ameriken nan sèvis atravè AmeriCorps, Senior Corps, the Social Innovation Fund, ak the Volunteer Generation Fund, e li kondwi apèl nasyonal Prezidan nan inisyativ sèvis, Nou Ini pou Sèvis. Depi 1994, plis pase 72,000 manm AmeriCorps nan New York te konplete plis pase 110 milyon èdtan sèvis. Pou w jwenn plis enfòmasyon, vizite NationalService.gov.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418